**АДЫГЭБЗЭМ И МАКЪЫБЗЭ ЛЭЖЬЭК1ЭМ**
**ГУРЫ1УЭГЪУЭ КЪЫТХУИЩ1ХЭМ ТЕУХУАУЭ**

2019 щ1ымэхуэку - БЕР ХЬИКМЭТ

"Социал медиа" жыхуа1эм сыхэткъым; ауэ зэзэмызэххэми, абы къыщек1уэк1ыу сщ1эн хуей гуэрхэр къыспыщ1охуэр. Къыспыщ1эхуэ куэдри нэмылъ сощ1; ауэ, Къардэн Мусэдин и ц1эк1э "фесбук"ым "2019.1.26"м щытедзауэ къыспыщ1эхуа ″Адыгэбзэмрэ гупсысэмрэ хуэгъэза еплъык1э" тхыгъэр нэмыплъ сщ1ыфыну къыщ1эк1ынтэкъым. Абы теухуауэ сытхэн хуейуэ щ1эслъытэр сызэры"Къардэн пхъурылъху" закъуэрауэ къыщ1эк1ынкъым! Ныт1э, а тхыгъэр къэрал университетым и адыгэбзэ къудамэ уэнэфэщ1ыу адыгэбзэм теухуауэ пщэрылъ зи1эм и 1эдэкъэщ1эк1ыу си еплъык1эм теухуарэ хуэгъэза гуэрхэр зыхэзыубыдэ зы тхыгъэу япэу къыспыщ1эхуа зы тхыгъэу зэрыщытрауэ лъытапхъэщ а тхыгъэм теухуауэ зыгуэрхэр стхын хуейуэ щ1эслъытэр. Дауи, Къардэн Мусэдин мы и тхыгъэм щхьэусыгъуэ хуэхъуар сщ1экъым, ауэ, сэ мы сызыхэхьа тхыгъэм щхьэусыгъуэ хуэхъуар абы зи гугъу сщ1ы мы и тхыгъэращ.

Мы къытпэщыт тхыгъэм Къардэн Мусэдин и тхыгъэм и щхьэусыгъуэк1э сыхэхьэми, абы полемикэ тещ1ыхьынк1эрэкъым къызэрек1уэк1нур; ныт1э, а тхыгъэм хиубыдэ еплъык1эрэ проблемэхэм теухуауэ адыгэбзэр макъ лъабжьэк1эрэ зэрылажьэмрэ и псалъэхэри зэрыухуэм гуры1уэгъуэ къытхуищ1хэр къызэры1уатэк1эрэщ къытпэщыт тхыгъэр къызэрек1уэк1ынур.

Япэрауэ, бзэр зезыхьэр ц1ыхуращи, ц1ыхум сытри зэрилъытэрэ къызэри1уатэк1эрэщ бзэ лэжьэк1эр зэрызек1уэр; бзэр зезыхьэ ц1ыхуращ бзэр зыгъэлажьэрэ зезыхьэри, бзэр ц1ыху зэхуакуращ зыдэлэжьэнур; ик1и, ц1ыхуу щымытхэм теухуахэри ц1ыхум къызэры1уатэк1эрэ бзэм щызэрызек1уэнури гуры1уэгъуэнщ. Глагол лэжьэк1эхэм мыр ф1ыщэу хыболъагъуэри, я лэжьэк1эхэр ц1ыхумрэ ц1ыхуу щымытхэм теухуауэ зэрызэщхьэщык1ым елъытауэ глаголхэр "ц1ыху"мрэ адрей щы1эгъуэ л1эужьыгъуэхэу -псалъэм папщ1э- псэущхьэ, къэк1ыгъэ, къэхъу-къэщ1ыгъуэ"хэм теухуауэ зэщхьэщыгъэк1ыпхъэщ. Мы зи гугъу тщ1ы глагол гупхэм я зэхуакум зы хиерархие дэлъщ: "ц1ыхум теухуа глагол"хэр адрей гупхэм хуэдэ лэжьэк1э зимы1эрщ; щы1эгъуэ л1эужьыгъуэ псоми зэрытеухуам ипкъ итк1э, "къэхъу-къэщ1ыгъуэ глагол"хэр зи гугъу тщ1ы гуп псоми теухуауэ мэлэжьэфыр; "къэк1ыгъэм теухуа глагол" гуэрхэм

"псэущхьэм теухуа глагол" лэжьэк1э я1эми, "ц1ыхум теухуауэ глагол" лэжьэк1э я1экъым; ауэ, ц1ыхум езыри зы псэущхьэу зэрыщытым ипкъ итк1э, "псэущхьэм теухуа глагол" нэхъыбэр ик1и "ц1ыхум теухуа глагол"уи мэлажьэр. Ауэ, бзэр зезыхьэ ц1ыхум бзэр егъэщхьыныгъэк1эри зэригъэлэжьэфынум къызэрыхэк1к1э, зи гугъу тщ1а глагол гупхэм хиубыдэ глагол нэхъыбэр ц1ыхум адрей гупхэми яхуигъэфащэу егъэлажьэри, глагол лэжьэк1эхэри егъэбагъуэр.

Мы къэт1уэтахэми къызэрыхэщщи, бзэр зезыхьэ ц1ыхуращ сытри зылъытэу къэзы1уатэр. Бзэр къэзы1уатэ ц1ыху нэрыбгэри япэрей щхьэж нэрыбгэу "сэ"уэ зэрылъытар -зызэрилъытэжар- гуры1уэгъуэщи, мы "макъ псалъэ"р (сэ) сытри зэхьэл1арэ зылъытэу, сытри зынэсрэ сытми нэсу зэрыщытк1эрэ зэрылъытар нэрылъагъущ. Мы зэрыжыт1а щ1ык1эу, бзэр къэзы1уатэрэ бзэм къи1уатэ дэтхэнэ гуэрыр зылъытэрэ зэлъытауэ зэрыщытращ "сэ" псалъэм гуры1уэгъуэ къытхуищ1ыр. "Сэ"м елъытауэщ сытри зэрылъытэрэ къызэры1уатэри, "сэ"м езыри, дэтхэнэ зы нэрыбгэрэ "сует"ри, "субъект"рэ "объект"хэри зылъытэр езым зэрелъытак1эрэ "сэ"ращ.

Бзэр зыгъэлажьэрэ къэзы1уатэ "сэ"м япэу зыхуи1уатэри "сэ"р япэу зыхуэзэрэ зызхуигъазэу зыхузы1уихырщи, мыри "сэ"м езым и ужьыгъуэу (у) зэрыщытк1эрэ (э) "уэ"уэ зэрилъытапхъэри игъуэщ. Аращи, бзэр зыгъэлъажьэу къэпсалъэ "сэ"м и ужьыгъуэу япэу зэпсалъэ щхьэж нэрыбгэр "сэ"м зэрилъытэк1эрэ "уэ"уэщ адыгэбзэм щызэрылъытар. "Уэ"ри хэтыжу "сэ"р зыхэзыубыдэ гупыр зэрыигъуэу "дэ"уэщ "сэ"м елъытауэ зэрылъытапхъэр. "Уэ"р зыхэтрэ езы "сэ"р зыхэмыт гупри "сэ"м зы теплъэгъуэ къызэрыщыхъум зэрезэгък1э "фэ"уэщ "сэ"м зэрелъытак1эрэ зэрылъыта щ1ык1эри. Мыхэр "сэ"м езым елъытауэ зэрилъытар езы "сэ"м пыщ1эныгъэ зэрызыхуа1э щ1ык1эм зэрытеухуар нэрылъагъущи, бзэр зыгъэлажьэрэ къэзы1уатэ "сэ"м дежк1э мыхэр мы зэрылъыта "ц1эпапщ1э" псалъэхэм (щхьэ ц1эпапщ1э) зи гугъу тщ1а я ухуэк1эхэми гуры1уэгъуэ къызэрытхуащ1 щ1ык1эу, "сэ"м дежк1э "субъектив"ыгъэ зи1эхэрщ: "сэ"ри яхэтыжу, мы нэрыбгэхэр зэрылъытэ "ц1эпапщ1э"хэр "субъектив ц1эпапщ1э"хэрщ, "субъектив сует"хэрщ, "субъектив сует ц1эпапщ1э"хэрщ.

Мы зи гугъу тщ1а "субъектив ц1эпапщ1э"хэр - илъабжьэк1э зи гугъу тщ1ыну "объектив сует ц1эпапщ1э"хэри хэтыжу- "сует" зыхуэхъу глаголхэр ипэк1э зи гугъу тщ1а "ц1ыхум теухуа глагол"хэращ. Ауэ, ц1ыхуу щымыт щы1эгъуэ зи1эхэм (къэхъу-къэщ1ыгъуэ, къэк1ыгъэ,

псэущхьэ) теухуа глаголхэр зэрылажьэри "объетив"рэ "ещанэ сует ц1эпапщ1э" закъуэхэмк1эрэщи, мыбыхэми мы илъабжьэм я гугъу щытщ1ынщ.

"Сэ"м пыщ1энығъэ зыхуимы1эхэр - адыгэбзэм зэрыигъуэк1эрэ зэрилъытэну щ1ык1эр- "сэ"м елъытауэ жыжьагъэ зи1эхэрщи, мыпхуэдэхэр "а"уэ къызэрыгъэлъагъуэу зэрылъытапхъэр гуры1уэгъуэщ; мыпхуэдэу жыжьэу лъытари а зэрыщытк1эрэ зэрыгъэлъэгъуапхъэри "р" к1эух къызэрищтэк1эрэщ: "ар". "Ар"ым и куэдагъэри "ахэр"щи, "а" куэдагъэр (хэ) зэрыгъэлъагъуэу ухуа псалъэрщ "ахэр"ыр. Ик1и гуры1уэгъуэщ "сэ"м зэрыпэжыжьэк1эрэ мы лъытахэр зэрылъыта псалъэхэр (ар, ахэр) а зэрыщытрэ щхьэжу зэрылъытар. "Сэ"м зэпыщ1энығъэ зыхуимы1эхэр зэрылъытэрщ "ар, ахэр" ц1эпапщ1эхэри, ахэр "сэ"м дежк1э - "субъектив"ыгъэ зимы1эу- "объектив"ыгъэ зи1э "ц1эпапщ1э"хэрщ, "объектив ц1эпапщ1э"хэрщ, "объектив сует ц1эпапщ1э"хэрщ.

"Субъектив сует ц1эпапщ1э"хэр сытым дежи ипэк1э къызэрыт1уэтам хуэдэщ зэрылъытэри, зэхъуэк1къым; ауэ, "объектив"рэ "ещанэ сует ц1эпапщ1э"хэр мы и гугъу зэрытщ1а щ1ык1эхэм (ар, ахэр) нэмыщ1, "елъытэнығъэ"рэ "1уэхум зэрыпыщ1а"к1эрэ зэрылъытэри гуры1уэгъуэщи, мыбырэ мы ипэк1э зи гугъу тщ1а "ещанэ сует" лъытэк1эр зэрызэрыщхьэщык1ыр гуры1уэгъуэщ. Зэрыжыт1ауэ, "сэ"м зэрыпэжыжьэу "а"уэ лъытарэ а зэрыщытрэ езырыжу къызэрыгъэлъэгъуэущ (р) зи гугъу тщ1а "ещанэ сует ц1эпапщ1э"хэр "ар, ахэр"у зэрылъытар; ауэ, "ещанэ сует"хэр зы "1уэхум зэрыпыщ1а"к1эрэ зэрылъытэри жыжьагъэ зэрылъытэ "а"м "зэпыщ1энығъэрэ зэлъытэнығъэ" зэрылъытэ макъ (б) къызэрыпыхьэк1эрэщ: «абы». "Абы"м и куэдагъри "хэ"к1эрэщ зэрылъытэнури, куэдагъ к1эух "хэ"ми "къызк1элъык1уэр гуры1уэгъуэ зыщ1рэ къык1элъык1уэми пыщ1энығъэ" къалэн зыхуэзыгъэзащ1э "м" макъыр к1эухыу къыпохьэжыр: «абыхэм».

Ныт1э, мы "ещанэ сует ц1эпапщ1э"хэр мы зэрыжыт1ауэ "ар, ахэр"у щырет, е "абы, абыхэм"у щырет, "сэ"м пыщ1энығъэ зыхуимы1эу "объектив"ыгъэ зи1эхэрщи, мы "ещанэ сует ц1эпапщ1э"хэмк1э лъытэну нэхъ игъуэхэр япэрауэ бзэр зыгъэлажьэрэ къэпсалъэ нэрыбгэу щыт "сэ"р зэмыпсэлъэнухэращ; мыпхуэдэхэри япэрауэ ц1ыхум зэрихьэ псэлъэбзэр зы1умылъу "ц1ыхуу щымыт"хэращ (къэхъу-къэщ1ыгъуэ, къэк1ыгъэ, псэущхьэ). Ауэ, ц1ыхуу щытми, "сэ"м пыщ1энығъэ зыхуимы1эрэ и субъективыгъэм имыту хуэпэжыжьэу щытрэ занщ1эу зэмыпсалъэхэри -

зэрыигъуэу- "сэ"м зэрилъытэну щ1ык1эр "объектив"у мы (ар, абы; ахэр, абыхэм) "ещанэ сует ц1эпапщ1э"хэмк1эрэщ.

Мыбы нэгъунэ зи гугъу тщ1арэ, нэхъыбэм дежи "сует"хэр зэрылъытэу къит1уа "ц1эпапщ1э"хэр ("щхьэ ц1эпапщ1э"у) ик1и псалъэухыгъэхэм хиубыдэ "субъект"рэ "объект"хэри зэрылъытэну "ц1эпапщ1э"хэу зэрыщытри гуры1эгъуэщ. Ныт1э, "езырыж глагол"рэ "1уэху глагол" лэжьэк1эхэу ухуэ псалъэхэр псалъэухыгъэк1э къызэры1уатэм хиубыдэ "ц1эпапщ1э" л1эужьыгъуэхэри "сует, субъект, объект"у зэрылъытэм теухуа щапхъэхэри къыпытщэнщ: «"бэуэн: ар мэбауэ"; "к1уэн: ар (абы) мак1уэ"; "щ1ын: абы ар ещ1"; "егъэщ1ын: абы ар абы ирегъэщ1"».

Мы къэта щапхъэхэм япэ ит ц1эпапщ1эхэр "сует"у абы къык1элъык1уэхэри "объект"рэ "субъект"у зэрыщытыр гуры1уэгъуэщи, "езырыж глагол"хэм я лэжьэк1эр нэхъыбэу "сует" къудей зыхэзыубыдэу зэрыщытри нэрылъагъущ; ауэ "езырыж глагол" гуэрхэм "объект"и зэрыхиубыдэфыр (к1уэн: ар мак1уэ) къыхэгъэщыпхъэщ. Дауи, "езырыж глагол"хэм я "сует"хэр а зэрыщытрэ езырыжу зэрылъытэр (ар, ахэр) гуры1уэгъуэщи, "объект" зи1эфуи лажьэ "езырыж глагол"хэм мы я "объект"ыр зы глаголыр зытелэжьыхьу зыпыщ1э зы 1уэху л1эужьыгъуэу (абы, абыхэм) зэрыщытри гуры1уэгъуэнщ. "1уэху глагол"хэм я "сует"хэри зэпыщ1эныгъэ зи1эу "абы, абыхэм"ращи, мыбыхэм ягъэзащ1э 1уэхур зытелэжььыхьу утыку къихьэ "объект"хэри "езырыж" л1эужьыгъуэ ц1эпапщ1эхэмк1эрэщ зэрылъытэр (ар, ахэр). Зы "1уэху глагол"ым "сует" (абы, абыхэм) нэмыщ1, "объект"рэ ик1и "субъект" зыхиубыдэмэ, ипэк1э къэта "егъэщ1ын" глагол лэжьэк1эми зэрыхэплъагъуэрщи, "объект"ыр "ар, ахэр" ц1эпапщ1эхэмк1э, "субъект"ри "абы, абыхэм" ц1эпапщ1эхэмк1эрэщ зэрылъытэнур.

Зэрыгуры1уэгъуэу глаголхэр "сует"к1эрэщ зэрылажьэри, мы зи гугъу тщ1а "сует ц1эпапщ1э"хэмк1эрэ глаголхэр зэрылажьэ щ1ык1эм нэхъ гъунэгъуу деплъынщ. Глаголхэр я лэжьэк1эк1э япэрауэ "езырыж глагол (лъэмы1эс глагол)"рэ "1уэху глагол (лъэ1эс глагол)"у т1ууэ зэщхьэщок1ыр. Мы глагол гупит1ыр зэрылажьэм теухуауэ "субъектив сует"хэр зэщхьэщык1къым: мы глагол гупит1ми "субъектив сует ц1эпапщ1э"хэр - ипэк1э зэрытлъыта щ1ык1эу (сэ, уэ, дэ, фэ)- зэхуэдэщ. Ауэ, мы глагол гупит1ыр зэрылажьэ "объектив"рэ "ешанэ сует"хэр зэщхьэщок1ыр: "езырыж глагол"хэр "а зэрыщытрэ езырыж"у лъыта "ещанэ сует"хэмк1эрэщ (ар, ахэр) зэрылажьэри, "1уэху глагол"хэри

"зэлъытэныгъэрэ зэпыщ1эныгъэ" зи1эу ухуа "ешанэ сует"хэмк1эрэщ (абы, абыхэм) зэрылажьэр.

Мы зэрыжыт1ауэщи, глаголхэр "езырыж"рэ "1уэху"у зэрыщытым елъытауэ "ещанэ сует ц1эпапщ1э"хэр зэщхьэщок1ыр. Ауэ ик1и, мы глагол лэжьэк1эхэу ухуэ псалъэхэми къыхощыр ар "ещанэ сует"у зэрыщытрэ мы "ещанэ сует"ри зытеухуар "езырыж глагол"рэ "1уэху глагол"у зэрыщытыр. Ныт1э, к1ыхь дымыщ1ын папщ1э, "занщ1э глагол"хэм ("префиксиалу щымыт глагол"хэм) я "ит зэман" лэжьэк1эм теухуауэ жыт1энщи, "езырыж глагол" лэжьэк1эу ухуэ псалъэм "ещанэ сует"ыр езыр езырурэ зэрыгъэзащ1эр зэрылъытэ "мэ"к1эрэщ зэрылъытэр (ар мэбауэ, ахэр мэбауэ-хэ); "1уэху глагол" лэжьэк1эу ухуэ псалъэм "ещанэ сует"ри къызэрыхэщыр 1уэхур "ек1уэл1эныгъэ"к1эрэ зэрыгъэзащ1эущ (абы ещ1, абыхэм ящ1).

Зи гугъу тщ1а глагол гупит1ыр зэрылажьэ "субъектив сует"хэр зэхуэдэу лъытэми, глагол лэжьэк1эу ухуэ псалъэм хиубыдэ "субъектив сует гъэлъагъуэ"хэр ("субъектив щхьэ зэрылъытэ макъ"хэр) глагол гупит1ым дэтхэнэ зым теухуауэ зэщхьэщок1ыр. Аращи, "езырыж глагол" лэжьэк1эу ухуэ псалъэхэм хиубыдэ "субъектив сует ц1эпапщ1э гъэлъагъуэ"хэм "сэ/сы, уэ/у, дэ/ды, дэ/фы" къэ1ук1э я1э щхьэ, "1уэху глагол" лэжьэк1эу ухуэ псалъэхэм хиубыдэ "субъектив сует ц1эпапщ1э гъэлъагъуэ"хэр къык1элъык1уэ псалъэрэ макъым зэрыпыщ1ак1эрэ "ы"ншэрэ "э"ншэущ къызэры1ур (с, б, д, ф).

"1уэху глагол" лэжьэк1эу ухуэ псалъэхэм хиубыдэ мы "субъектив сует ц1эпапщ1э гъэлъагъуэ"хэр (с, б, д, ф) мы къызэры1у ("ы, э"ншэ) щ1ык1эм ипкъ зэритк1э, ахэр зыпыщ1ауэ щыт къык1элъык1уэ макък1эрэщ къызэры1ухэри, я къэ1ук1эхэри мы къык1элъык1уэ макъхэм я къэ1ук1эм зырагъэ1уу зохъуэк1ыфыр: "с"ыр (сщ1ащ) "з"ыуэ къэ1уу (згъэзэщ1энущ), "д"ыр (дгъэзэщ1энщ) "т, т1"уэ къэ1уу (ттхащ, т1щ1ащ), "ф"ыр (фшхащ) "в, ф1"уэ (вгъэзэщ1ащ, ф1ф1эщ1ащ) зохъуэк1ыфыр. Ипэк1э "1уэху глагол" лэжьэк1эу ухуэ псалъэхэм хиубыдэ "субъектив сует ц1эпапщ1э гъэлъагъуэ"хэм щыщу "ет1уанэ сует"ым (уэ) теухуа "сует ц1эпапщ1э гъэлъагъуэ"р "б"уэ къызэрыдгъэлъэгъуар гуры1уэгъуэщи, ари "ы, э"ншэу къэ1уу къык1элъык1уэ макъым зэрыпыщ1ак1эрэ зи къэ1ук1эр зэхъуэк1ыфыну зэрыщытри гуры1уэгъуэнщ: "1уэху глагол" лэжьэк1эу ухуэ псалъэхэм хиубыдэ "ет1уанэ сует ц1эпапщ1э гъэлъагъуэ"у щыт "б"ри (бгъэзэщ1энущ) къык1элъык1уэрэ къэзыгъэ1у макъхэм елъытауэ "п, п1" (птхынущ, п1щ1ынщ) къэ1ук1и зыгъуэтыфырщ. Ауэ, мы я къэ1ук1э зэхъуэк1ыныгъэк1эрэ "субъектив сует ц1эпапщ1э гъэлъагъуэ"у макъ

п1ыт1а (п1, т1, ф1) къэ1ук1э зыгъуэтхэр (п1щ1ынщ, т1щ1ащ, ф1ф1эщ1ащ) - мыхьэнэк1э зэхэзэрымыхьынумэ- тхэн хабзэу мып1ыт1ауэ (п, т, ф) зэрытхри гуры1уэгъуэщ (пщ1ынщ, тщ1ащ, фф1эщ1ащ).

Ныт1э, мы зи гугъу тщ1ахэр гуры1уэгъуэщи, мы глагол гупит1ымрэ ("езырыж глагол", "1уэху глагол"), абыхэм сует яхуэхъу "ещанэ сует ц1эпщ1э"хэр зэрызэщхьэщык1ыр, ик1и "глагол лэжьэк1эу ухуэ псалъэ"хэм хиубыдэ "сует ц1эпапщ1э гъэлъагъуэ"хэр глагол гупит1ым елъытауэ зэрызэщхьэщык1ыр "хъу"гъэрэ "бзы"гъэ л1эужьыгъуэуи зэрылъытапхъэр жы1эпхъэрэ къыхэгъэщыпхъэщи, мы илъабжьэк1э къыщыпытщэнщ.

Зи гугъу тщ1а глагол гупит1ыр "ещанэ сует"к1эрэ зэрылажьэр зэрызэщхьэщык1ымрэ ("ар, ахэр"; "абы, абыхэм"), "субъектив сует"к1эрэ зэрылажьэу ухуэ псалъэхэм хиубыдэ "субъектив сует ц1эпапщ1э гъэлъагъуэ"хэр зэрызэщхьэщык1ым я гугъу тщ1ащ мы ипэк1и, мы глагол гупит1ыр мы я лэжьэк1эк1э "хъу"гъэрэ "бзы"гъэу зэщхьэщык1ыу лъытапхъэщ. Глаголхэр я мыхьэнэк1эри "езырыж глагол"рэ "1уэху глагол"у зэрызэщхьэщык1ри "хъу"гъэрэ "бзы"гъэу лъытапхъэщи, ахэр мыпхуэдэу зэрызэщхьэщык1ыр абыхэм я лэжьэк1эм нэхъыф1ыу гуры1уэгъуэ къызэрыпхуищ1ри гуры1уэгъуэнщ. Мыр ахэр "ещанэ сует"к1эрэ ("езырыж глагол"хэр "ар, ахэр"у; "1уэху глагол"хэри "абы, абыхэм"у) зэрылажьэм гуры1уэгъуэ къызэрыпхуищ1ым нэмыщ1, я лэжьэк1эу ухуэ псалъэхэм хиубыдэ "сует ц1эпапщ1э гъэлъагъуэ"хэми гуры1уэгъуэ къызэрыпхуащ1ыр на1уэщ.

Аращи, "а зэрыщытрэ езырыж"у зэрылъытэк1эрэ ухуа "ар, ахэр" ц1эпапщ1эхэр "хъу"гъэу зэрыщытыр жы1эпхъэщи, ахэр "езырыж глагол сует"хэу зэрыщытри гуры1уэгъуэщ; ауэ, "елъытэныгъэрэ пыщ1эныгъэ" зи1эу ухуа "абы, абыхэм" ц1эпапщ1эхэри ″бзы"гъэу зэрыщытыр жы1эпхъэщи, ахэр "1уэху глагол сует"хэу зэрыщытри гуры1уэгъуэщ.

Ныт1э, ипэк1э "езырыж глагол"рэ "1уэху глагол"хэр "ещанэ сует"хэм теухуауэ зэрылажьэхэр псалъэухыгъэк1э къызэры1уатэм теухуа щапхъэхэр къэтхьагъащи, мыбдежым "хъу"гъэрэ "бзы"гъэу зэщхьэщык1ыу тлъыта "ещанэ ц1эпапщ1э"хэр а псалъэухыгъэхэм "сует"хэу зэрыхиубыдэм нэмыщ1, "объект"рэ "субъект"хэуи зэрыхиубыдэ щ1ык1эхэм "хъу"гъэрэ "бзы"гъэ лъэныкъуэк1э аргуэру деплъынщ: "езырыж глагол"ым и "ещанэ сует"ыр а зэрыщыту зэрылъытэу "хъу"гъэрщи (ар мэбауэ), зы "езырыж глагол"ым "объект"и и1эмэ, ар "бзы"гъэущ зэрылъытэр (ар абы мак1уэ); ауэ, "lуэху глагол"ым и "ещанэ

сует"ыр зэрелъытарэ зэпыщ1энығъэ зи1эу "бзы"гъэрщи, мы и лэжьэк1эм хиубыдэ "объект"ри а зэрыщыту лъытэрэ гъэзащ1эу "хъу"гъэ л1эужьыгъуэрщ (абы ар ещ1); зы "1уэху глагол"ым ик1и зы "субъект"и хиубыдэмэ, ари "сует"ым хуэдэу "бзы"гъэущ зэрылъытэр (абы ар абы ирегъащ1).

Мы къэт1уэтарэ къэтхьа щапхъэхэм гуры1уэгъуэ къытхуащ1ри мыращ: "езырыж глагол"ыр зыми емылъытарэ пымыщ1а "хъу"гъэ "сует"к1эрэ езыр езырурэ гъэзэщ1эж глаголырщи, езыр мыпхуэдэу зэрыгъэзэщ1эж "езырыж глагол" лэжьэк1эм "объект"и хиубыдэмэ, ари елъытэныгъэрэ пыщ1энығъэ зэри1эк1эрэ "бзы"гъэущ къызэры1уатэр; ауэ, елъытэныгъэрэ зэпыщ1энығъэ зи1эу "бзы"гъэ л1эжьыгъуэу щыт "сует"ым (абы, абыхэм) игъэзащ1э "1уэху глагол" лэжьэк1эу утыку къихьэрэ глаголыр зытелэжьыхьри (объект) а зэрыщытрэ езырыжу зэрылъытэк1эрэ зы "хъу"гъэрщи (ар, ахэр), 1уэху глагол лэжьэк1эм ик1и "субъект" хиубыдэмэ, ари суетым хуэдэу (сует къуэдзэ) "бзы"гъэущ зэрылъытэр (абы, абыхэм).

Нып1э, мыбыхэм гуры1уэгъуэ къытхуащ1ри мыпхуэдэу къэ1уэтапхъэщ: "хъу"гъэр езыр къэхъуу къек1уэк1ырщи, "хъу"гъэк1эрэ зыгуэр утыку къихьэмэ, ар "бзы"гъэщ; "бзы"гъэр зытелэжьыхьрэ "бзы"гъэк1эрэ ("сует" е "сует къуэдзэ"у) утыку къихьэри "хъу"гъэрщ; ар щыхъук1и, "бзы"гъэрэ "хъу"гъэр зыр зым "елъыта"рэ зэры"зэпыщ1а"к1эрэщ сытри зэрыгъэзащ1эрэ зэрылажьэр ("глагол лэжьэк1э"хэр), ауэ "зэпыщ1энығъэ"ри "бзы"гъэ л1эужьыгъуэу зэрыщытри гуры1уэгъуэщ.

"Ещанэ сует ц1эпапщ1э"хэр мы зэрыжыт1ауэ "хъу"гъэрэ "бзы"гъэу зэрылъытапхъэм хуэдэжщи, абыхэм теухуа "сует ц1эпапщ1э гъэлъагъуэ"хэри езы "сует ц1эпапщ1э"хэм хуэдэу "хъу"гъэрэ "бзы"гъэу лъытапхъэщ: "езырыж глагол" лэжьэк1эу ухуэ псалъэхэм хиубыдэ "ещанэ сует ц1эпапщ1э гъэлъагъуэ"р префикс зыхуэхъуа псалъэр езыр езырурэ зэрыгъэзащ1эр зылъытэрщ (ар мэбауэ); "1уэху глагол" лэжьэк1эу ухуэ псалъэхэм хиубыдэ "ещанэ сует ц1эпапщ1э гъэлъагъуэ"хэри префикс зыхуэхъуа псалъэр (зытеухуа 1уэхугъуэр) ек1уэл1энығъэрэ зэпыщ1энығъэк1эрэ зэрыгъэзащ1эр къызыхэщырщ (абы ар ещ1).

Ауэ, ипэк1э зи гугъу тщ1а "субъектив сует ц1эпапщ1э гъэлъагъуэ"хэр "хъу"гъэрэ "бзы"гъэу зэрызэщхьэщык1ыр "ещанэ сует ц1эпапщ1э гъэлъагъуэ"хэм елъытауэ нэхъ 1упщ1ыу жы1эпхъэщ. Аращи, "езырыж глагол" лэжьэк1эу ухуэ псалъэхэм хиубыдэ "субъектив сует ц1эпапщ1э

гъэлъагъуэ"хэр "а зэрыщыт"у зэрылъытэрэ къызэры1уу зэрыухуак1эрэ (сэ/сы, уэ/у, дэ/д, фэ/фы) "хъу"гъэ л1эужьыгъуэхэу зэрылъытапхъэр гуры1уэгъуэнщ; "1уэху глагол" лэжьэк1эу ухуэ псалъэхэм хиубыдэ "субъектив сует ц1эпапщ1э гъэлъагъуэ"хэри "зэрелъытарэ зэрыпыщ1а"к1эрэ мы къызэры1у щ1ык1эк1э (с, б, д, ф) "бзы"гъэ л1эужьыгъуэхэрщ.

Мы жыт1ахэм зэрезэгърэ ик1и абыхэм къыхэгъэщхьэхук1ауэ зи гугъу щ1ыпхъэщ "ет1уанэ сует ц1эпапщ1э гъэлъагъуэ"р "уэ/у"рэ "б"ыуэ зэрызэщхьэщык1ым. Ныт1э, "езырыж глагол" лэжьэк1эу ухуэ псалъэхэм хиубыдэ "ет1уанэ сует ц1эпапщ1э гъэлъагъуэ"р ет1уанэ нэрыбгэр а зэрыщыту зэрылъытэ щ1ык1эу "уэ/у"ши, ар зэры"хъу"гъэр гуры1уэгъуэщ; "1уэху глагол" лэжьэк1эу ухуэ псалъэхэм зиубыдэ "ет1уанэ сует ц1эпапщ1э гъэлъагъуэ"ри "зэрелъытэгъуэ ужьыгъуэ" мыхьэнэ зи1эу лъытапхъэ "б" макъырщи, мы зэрыжыт1ауи "б" макъыр "макъыхъу"у шыт "у"м мыхьэнэк1э къыпэув "макъыбз"у зэрылъытапхъэк1эрэ "бзы"гъэу зы макъыу зэрыщытыр гуры1уэгъуэщ.

Аращи, бзэр къэзы1уатэрэ зэлъытауэ "япэрей нэрыбгэрэ сует"у щыт "сэ"м и "ужьыгъуэ"у (у) зэрыщытк1эрэ (э) "уэ"уэ лъытащ "ет1уанэ нэрыбгэрэ сует"ри, ар зы макъыхъуу щыт "у"м къызэрытехъук1ар гуры1уэгъуэщ. Мы зэрыухуа щ1ык1эм зэрезэгък1эрэ, щхьэжу "у" макъыхъум теухуауэ зэрылъытэу "хъу"гъэщ "ет1уанэ нэрыбгэрэ сует"ри (уэ), "хъу"гъэ глагол л1эужьыгъуэу щыт "езырыж глагол"хэр "ет1уанэ сует"к1эрэ (уэ) зэрылажьэу ухуэ псалъэхэм хиубыдэ "ет1уанэ сует ц1эпапщ1э гъэлъагъуэ"ри (уэ/у) зэрыигъуэк1эрэ "хъу"гъэщ. Ауэ, зы "бзы"гъэ глагол л1эужьыгъуэу щыт "1уэху глагол"ыр - "хъу"гъэ макък1эрэ ухуа- "ет1уанэ сует"к1эрэ ("уэ" ц1эпапщ1эк1эрэ) зэрылажьэу ухуэ псалъэхэм хиубыдэну "ет1уанэ сует ц1эпапщ1э гъэлъагъуэ"р "макъыхъу"у (уэ/у) щытыныр зы парадокс хъунти, "бзы"гъэу щыт "1уэху глагол" лъэжьэк1эм езэгъыу игъуэ "сует ц1эпапщ1э гъэлъагъуэ"р "бзы"гъэу зэрылъытэк1эрэ мыпхуэдэ зы парадокси къэхъукъым: зэрыигъуэу, "у" макъыхъум (у) и мыхьэнэгъу макъыбзу щыт "б"ыр "1уэху глагол"ым и "ет1уанэ сует ц1эпапщ1э гъэлъагъуэ" мэхъур.

Глаголхэр я лэжьэк1эк1э "езырыж глагол"рэ "1уэху глагол"у зэрызэщхьэщык1ыр гуры1уэгъуэщи, "езырыж глагол"хэр "хъу"гъэрэ, "1уэху глагол"хэри "бзы"гъэу зэрыщыри жыт1агъащ. Ик1и, глаголхэр щымылажьэрэ инфинитиву зэпкъырыуvауэ щыщытк1и я мыхьэнэм елъытауэ "хъу"гъэрэ (езырыж глагол) "бзы"гъэу (1уэху глагол) зэрыщыри зэщхьэщыгъэк1ыпхъэщ. Ауэ, глаголхэр "сует"хэм "хъу"гъэрэ "бзы"гъэу

зэрыщытыр нэхъ 1упщ1ыу я лэжьэк1эращ гуры1уэгъуэ къэзыщ1ыр: глаголыр "хъу"гъэрэ "бзы"гъэу зэрыщытыр япэрауэ ар зыгъэлажьэ "сует"хэр "хъу"гъэрэ "бзы"гъэу зэрыщытращ зэлъытарэ зэрылъытэр. Ик1и, "сует"хэм мы я щ1ык1эм ("хъу"гъэрэ "бзы"гъэу) езэгъыущ глагол лэжьэк1эу ухуэ псалъэхэм хиубыдэ "сует ц1эпапщ1э гъэлъагъуэ"хэри, "сует"хэр къэмы1уми глагол лэжьэк1эу ухуа псалъэм хиубыдэ "сует ц1эпапщ1э гъэлъагъуэ"р "хъу"гъэрэ "бзы"гъэу зэрыщытым елъытащ а глагол лэжьэк1эмрэ ухуэ псалъэр "хъу"гъэрэ "бзы"гъэу зэрылъэнур.

Мыпхуэдэу, я мыхьэнэрэ ик1и я лэжьэк1эу мы зэрызэщхьэщык1ыр ик1и глаголхэр "ц1ыху"рэ адрей щы1эгъуэхэм теухуауэ зэрызэщхьэщык1ми хыболъагъуэр. Аращи, "къэхъу-къэщ1ыгъуэм теухуа глагол"хэр -зэрыгуры1уэгъуэнщи- зэрыщыту "хъу"гъэ л1эужьыгъуэу "езырыж глагол"хэрщ (хъун, къэхъун, зэхъуэк1ын, к1уэдын, ужьын, ухуэн); "къэк1ыгъэхэм теухуа глагол"хэри мыпхуэдэщи, жып1э хъунущ ахэри зэрыщыту "хъу"гъэу "езырыж глагол" защ1эу (къэк1ын, къыпык1эн, къыдэжын) зэрылъытапхъэр; "псэущхьэхэм теухуа глагол"хэм и нэхъыбэри псэущхьэ гъащ1эр зэрызек1уэ "хъу"гъэу "езырыж глагол"хэрщи (бэуэн, шхэн, жьэгъуэшхэн, пыджэн, бэнэн, буун, лъэтэн, к1уэн, пщын), "бзы"гъэу "1уэху глагол"у хиубыдэр нэхъ мащ1эу лъытапхъэщ (шхын, ириудын, къэк1ухьын, къэпщыхьын); ауэ, "ц1ыхум теухуа глагол"хэм "хъу"гъэу "езырыж глагол"рэ (псэлъэн, гупщысэн, усэн, тхэн) "бзы"гъэу "1уэху глагол"хэр (къэпсэлъын, жы1эн, усын, тхын, ухуэн, щ1ын, щ1эн, щ1ыжын, ц1ыхун) куэдыщэу хэтщ; "1уэху глагол"хэр ц1ыху щ1еин 1уэхугъуэхэр к1уэ пэтрэ куэд зэрыхъуфынум къызэрыхэк1рэ ик1и "бзы"гъэ л1эужьыгъуэу нэхъ бэгъуапхъэу зэрыщытри зэрыхэтыжк1эрэ нэхъыбэу къыщ1эк1ынщ, ик1и нэхъыбэ хъуну хущ1экъунщи, нэхъыбэ хъуфынщ.

Щы1эгъуэ зэригъуэтрэ зи щы1эгъуэ зыхь дэтхэнэ гуэрыр "къэхъу-къэщ1ыгъуэ" л1эжьыгъуэу зэрыщытым ипкъ итк1э, "къэхъу-къэщ1ыгъуэ глагол"хэр дэтхэнэ зы гупым теухуауи (хъун, зэхъуэк1ын, бэгъуэн, к1уэдын, ухын) зэрылэжьэфыгур гуры1уэгъуэнщ. Ар щыхъук1и, "ц1ыхум теухуа глагол" л1эужьыгъуэуи зэрылэжьэнур гуры1уэгъуэщ "къэхъу къэщ1ыгъуэ глагол" нэхъыбэр. Ауэ ик1и, ц1ыхум езыр зы псэущхьэ л1эужьыгъуэуи зэрыщытым ипкъ итк1э, "езырыж глагол"у щырет е "1уэху глагол"у щырет, "псэущхьэхэм теухуа глагол" нэхъыбэр ("бэуэн, шхэн, гъутхьэн, к1уэн"; "шхын, къэк1ухьын") зыхэлэжьыхь гупщ "ц1ыхум теухуа глагол"хэр. Ц1ыхур и щы1эгъуэми къызэритрэ ик1и бзэри зезыхьэу зэрыщытым ипкъ итк1э, ц1ыхум езым теухуауэ къигъэщ1 глаголхэр адрей

гупхэм теухуа глаголхэм елъытауэ нэхъыбэу зэрыщытынур гуры1уэгъуэнщ; ауэ мыбы нэмыщ1, адрей гупхэм хиубыдэу тлъытарэ езы ц1ыхуми теухуауэ зи гугъу тщ1а глаголхэри зыхэзыубыдэ "ц1ыхум теухуа глагол"хэр адрейхэм елъытауэ куэдыщэу зэрыщытынур гуры1уэгъуэнщ. Ауэ ик1и, ц1ыхум хуэ1уарэ зи бжыгъэри куэду лъытапхъэ глаголхэр адрей щы1эгъуэ гупхэм теухуауэ зэрымылэжьэнури гуры1уэгъуэнщ. "Ц1ыхум теухуа глагол" бжыгъэр адрей гупхэм елъытауэ зэрыкуэдыщэр мы жыт1ахэм гуры1уэгъуэ ящ1ыр; ауэ ик1и, ц1ыхур мыхэр бзэр зезыхьэу зэрыщытрэ сует псомк1и зэрылэжьэфым къызэрыхэк1щи, адрей гупхэм хиубыдэ глаголхэм елъытауэ "ц1ыхум теухуа глагол"хэр зэрылажьэу ухуэ псалъэхэри куэдк1э нэхъыбэщ; - глаголхэр лэжьэк1эбэщ, ауэ ц1ыхум теухуа глаголхэр нэхъри лэжьэк1эбэщ.

Глаголхэр лэжьэк1эбэу щыжыт1эм деж, ипэк1э ц1ыхумрэ адрей щы1эгъуэ зи1эхэм теухуа щапхъэу къэтхьа глаголхэм щыщ гуэрхэм ик1и лэжьэк1ит1 ("езырыж глагол лэжьэк1э"рэ ик1и "1уэху глагол лэжьэк1э"у) зэра1эр гуры1уэгъуэщи, мы я лэжьэк1ит1ым теухуа щапхъэхэри къэдгъэлъэгъуэнщ: "ухуэн: ар мэухуэ (езырыж. гл.); абы еухуэ (1уэху гл.)"; "ухын: ар мэух (езырыж гл.); абы еух (1уэху гл.)". Зэхуэдэ мыхьэнэ зи1э щхьэ, я къэ1ук1экэ ("ы"рэ "э"к1э) зэрызэщхьэщык1ым лэжьэк1эк1и зэщхьэщык1ыныгъэ зыгъуэт глаголхэр щы1эщи, мыпхуэдэщ -псалъэм папщ1э- зы "1уэху глагол"у щыт "бзын"ыр "гъэзащ1эу зэрызек1уэ"к1эрэ (хъууэ зэрыщыт пэлъытэу) къызэры1уатэ "бзэн"ыр зы "езырыж глагол" л1эужьыгъуэщ: «"бзын: абы ебз"; "бзэн: ар мабзэ"».

Мы щапхъэхэми къызэрагъэлъагъуэ лэжьэк1эхэм нэмыщ1ыуи щыхолэжьыхьыр адыгэбзэм и глаголхэри, ахэр зыр зым ип1эк1и зэрылажьэу лэжьэк1эбэхэрщ. Ауэ, дэтхэнэ зы глагол лэжьэк1э гупым (пп: 1уэху глагол гуп) хиубыдэ глаголхэр адрей глагол гупым (езырыж глагол гуп) хуэдэу щылажьэм деж, 1уэхур зэрыгъэзащ1э щ1ык1эр зэрызэхъуэк1ынури гуры1уэгъуэнщ. Аращи, зы "1уэху глагол"ыр "езырыж глагол"у щылажьэк1э утыку къихьэр зы "пасив глагол" лэжьэк1эрщи, мы лэжьэк1эм "1уэхур" езы "сует"ым тоухуэжыр (пп: "абы ещ1"ыр "ар мэщ1" мэхъу); зы "езырыж глагол"ыр "1уэху глагол"у щылажьэк1э утыку къихьэри "езырыж глагол"у а "хъу"гъэр зы "1уэху пэлъытэ"у "утыку къилъхьэн" 1уэхугъуэрщ гъэзащ1эр (пп: "ар мэбауэ"р "абы ебауэ" мэхъу).

Ныт1э, глаголхэр езым и лэжьэк1э гупым теухуауэ зэрылэжьэну щ1ык1эмрэ адрей лэжьэк1э гупым теухуауэ зэрылэжьэну щ1ык1эр зэрызэщхьэщык1ым щыгъуазэ хуэхъун хуейщи, мыри а глагол лэжьэк1эу ухуэ псалъэхэм "сует ц1эпапщ1э гъэлъагъуэ"хэр зэрыхиубыдэ щ1ык1эм

къызэрыхэщынур гуры1уэгъуэнщ. Мы зи гугъу тщ1ым теухуа щапхъэмэ, псалъэм папщ1э, "щ1ын" глаголыр "бощ1"уи "уощ1"уи лажьэу лъытэныр зэрыщыуагъэр зыгурыгъэ1уэн хуейщ: зы "1уэху глагол"у щыт "щ1ын" глаголым и лэжьэк1эр "бощ1"уэщи, ар "уощ1"у зэрылажьэр езы "уэ"м къытелэжьыхь "щ1ын" 1уэхугъуэу зы "пасив лэжьэк1э"у зэрыщытым гулъытэ хуэщ1ын хуейщ.

Мы къэт1уэтарэ къэтхьа щапхъэхэр гуры1уэгъуэмэ, мыбыхэм хуэдэ щапхъэхэми деплъынщ. "1уэху глагол" л1эужьыгъуэхэу щыт "шхын" лэжьэк1эр "бошх"щи (блэк1а зэман: пшхащ), ар ик1и "уошх"ыр ("ушхащ"ыр "езырыж глагол"у щыт "шхэн"ым и "блэк1а зэман" .лэжьэк1эрщ) "1уэух глагол" (шхын) лэжьэк1э хъункъым ("уощх" псалъэр "мына1уэ сует"ым "ит зэман" лэжьэк1эу "узэришх/узэрашх"у зэрыщытыр зэрылъытэ псалъэрщ: зыгуэрым/зыгуэрхэм "уишх/уашх"ыу зэрыщытыр зэрылъытэ псалъэрщ); ар (уошх) "щхын" глаголым и "пасив лэжьэк1э"рщ. Мыбы нэмыщ1, "1уэху глагол" л1эужьыгъуэ "лъагъун" глаголым и лэжьэк1эр "болъагъу;щи (блэк1а зэману "плъэгъуащ"), "уолъагъу"р (улъэгъуащ) абы и "пасив лэжьэк1э"рщ (ит зэману узэрылъагъуу зэрыщытыр къызэры1уатэрщ "уолъагъу" псалъэр). "Префиксиал езырыж глагол"у щыт "ек1ун"ым и лэжьэк1энур "уок1у"уэщи (уек1уащ), ар "бок1у"у къэ1уэтэнкъым (блэк1а зэману "епк1уащ"ри "ек1ун"ым езэгъынкъым). Ауэ, лэжьэк1ит1 зи1эу лъытапхъэ глагол л1эужьыгъуэщ "джын"ри, ар "ет1уанэ сует"ым теухуауэ "1уэху глагол" лэжьэк1эу "бодж"у мэлажьэр; ар "езырыж глагол" лэжьэк1эуи "уодж"у бгъэлажьэмэ, мыр (уодж) псалъэр "джын 1уэху глагол"ым и "пасив лэжьэк1э"у нэхъ зэреджапхъэр гуры1уэгъуэнщ; нытlэ, "ц1ыхум теухуа глагол"у "джын"ыр зы "1уэху глагол" л1эужьыгъуэу зэрыщытыр гуры1уэгъуэщи, ар "езырыж глагол"у зэрылажьэр "къэхъу-къэщ1ыгъуэ глагол" л1эужьыгъуэущ (ар мэдж).

Мы ипэк1э адыгэбзэм и глаголхэр лэжьэк1эбэу зэрыщытыр жыт1арэ щапхъэхэри къахуэтхьащи, адыгэбзэ псалъэхэри мыхьэнэбэу зэрыщытыми игъуэ щыхъу дэтхэнэ щ1ып1эм и гугъу зэрытщ1ри гуры1уэгъуэщ. Псалъэхэр мыхьэнэбэу зэрыщытыр ахэр зэрыухуа макъхэращ зэлъытари, адыгэбзэ макъ нэхъыбэри мыхьэнэбэу зэрыщытыр гуры1уэгъуэщ: къызэрыхъуа щ1ык1эм теухуа мыхьэнэ зи1э макъхэр бзэ лэжьэк1эм мы я мыхьэнэ лъабжьэм къытехъук1 мыхьэнэ гуэрхэри къызэрыхэхьэжк1эрэ мыхьэнэбэу мэухуэр. Нытlэ, макъ нэхъыбхэр мыхьэнэбэрэ, абыхэмк1э

ухуэ псалъэхэри мыхьэнэбэу щыщытк1э, лэжьэк1эбэу тлъыта глаголхэр мыхьэнэк1и зэрыбэгъуэнур гуры1уэгъуэнщ.

Макъхэмрэ псалъэхэр зэрымыхьэнэбэрэ глаголхэри зэрылэжьэк1эбэм зэрезэгъырэ къызэрыхэк1к1э, макъхэр къызэрыхъуа щ1ык1эм елъытауэ бзэ лэжьэк1эм мыхьэнэк1э зэрыбагъуэм макъхэмхэм я "хъу"гъэрэ "бзы"гъэри бэгъуапхъэрэ зэрызэхъуэк1ыпхъэу зэрыщытынури жы1эпэхъэщи, макъхэм м я щ1ык1эр лъабжьэ язырыхуэхъук1эрэ псалъэрэ бзэ лэжьэк1эми "хъу"гъэрэ "бзы"гъэр зэрыбэгъуэфынурэ зэрызэхъуэк1ыфынур гуры1уэгъуэнщ.

Мыр къыхэдгъэща нэужь, зи гугъу тщ1ы "хъу"гъэ "бзы"гъэм аргуэру дыхуэк1уэжмэ, а зэрыщытрэ езырыжу зэрылъытэ щы1эгъуэ ужьыгъуэу тлъыта "хъу"гъэмрэ, елъытэныгъэрэ зэпыщ1эныгъэу щы1эгъуэ бэгъуэгъуэу тлъыта "бзы"гъэр макъхэм теухуауэ зэрылъытапхъэмрэ бзэ лэжьэк1эми -псалъэхэм зэрыхиубыдэк1эрэ- щызэрызэхъуэк1ыфынури гуры1уэгъуэнщ. Ныт1э, макъхэр "хъу"гъэрэ "бзы"гъэу зэрылъытэмрэ бзэм зэрыхэлэжьыхьу ягъуэт мыхьэнэмрэ къатехъук1 псалъэхэр "хъу"гъэрэ "бзы"гъэу зэрылъытэм мы илъабжьэк1э къыпытщэнухэмк1эрэ нэхъ гъунэгъуу щыгъуазэ дахуэхъунщ.

Зы "макъыхъу"у щыт "у" макъымрэ абы къытехъук1а "ун, ужьын, ужьыгъуэ; уэ, уафэ, уэгу" хуэдэ псалъэхэр "хъу"гъэу зэрыщытыр гуры1уэгъуэщ. Ауэ ик1и, мыр зэрытлъытэ "хъу" псалъэри къызтехъук1а "хъу" макъри зэрыгуры1уэгъуэу "хъу"гъэщи, абы къытехъук1а псалъэхэри нормалу "хъу"гъэу зэрыщытынури гуры1уэгъуэщ (хъу, хъун, къэхъун, щыхъун, зэхъуэк1ын). "У" макъым нэмыщ1, и къэхъук1эк1э абы хуэдэу зы "макъыхъу"у адыгэбзэм хэт макъырщ "т1" макъри, ар зыхэзыубыдэу "хъу"гъэ л1эужьыгъуэ псалъэхэри мащ1экъым (т1ы, т1у, т1ыгъуэн, т1ын, т1эн, т1алэ).

"Макъыхъу"у зи гугъу тщ1а "у" макъым и "мыхьэнэгъу"у лъытапхъэ "макъыбз" нэхъыщхьэщ "б" макъри, абы къытехъук1а "бын, бэн, бэгъуэн, бэ, быбын" хуэдэ псалъэхэри "бзы"гъэщ. "Макъыбз"у щыт "б"макъри зыхэтрэ макърэ псалъэ гуэрхэр "бзы"гъэу зэрытлъытэ мы псалъэри къызтехъук1а "бз" макъ зэгуэтри "бзы"гъэу зэрыщытрэ, абы къытехъук1а "бзы, бзэ, бзын, бзыщ1ын, бзэщ1ын, убзэщ1ын, убзыщ1ын, бзыхун, убзыхун" хуэдэ псалъэхэри "бзы"гъэ мыхьэнэ зи1эхэу зэрыщытри гуры1уэгъуэщ.

Я къэхъук1эрэ бзэми зэрыхэлэжьыхьым теухуауэ "хъу"гъэрэ "бзы"гъэ мыхьэнэ зи1э макъхэр лъытэныр гугъукъым; ауэ, ипэк1и макъхэр къызэрыхъуа щ1ык1эмрэ иужьк1э бзэ лэжьэк1эм щызэрызэхъуэк1ыфыр

жыт1ащи, дэтхэнэ зы "щхьэж макъ"ымрэ (пп: п, лъ) абы къытехъук1 "макъ зэгуэт"хэр (пп: плъ) "хъу"гъэрэ "бзы"гъэу зэтехуэн хуейуэ зэрыщымытынури гуры1уэгъуэщ. Макъхэмрэ къатехъук1хэр "хъу"гъэрэ "бзы"гъуэ лъытэным тхыгъэ к1ыхь зэрихьынур гуры1уэгъуэщи, мыбдежым мыпхуэдэу зэрыщытыр гуры1уэгъуэ къытхуэзыщ1ыну щапхъэхэм щыгъуазэ дыхуэхъунщ. Ныт1э, мыбдежым езыр "хъу"гъэ мыхьэнэ зи1э "у" макъым къытехъук1 макъхэр "хъу"гъэрэ "бзы"гъэу зэрызэлъытэ щ1ык1эм деплъынщ: "у"к1эрэ къэ1уу ухуэ макъхэм "хъу"гъэрэ "бзы"гъэ лъэныкъуэк1э щыгъуазэ дыхуэхъунщ.

"Макъыхъу"у щыт "у"к1эрэ къэ1уу утыку къихьауэ адыгэбзэм хэт макъхэрщ "къу, к1у, кхъу, ку, хъу, ху, гъу, гу" макъхэри, мыхэр "макъыхъу"у щыт "у"к1эрэ къэ1уу утыку къихьами, ахэр псори "хъу"гъэ мыхьэнэ зыгъуэту зэрыщымытыр гуры1уэгъуэщ. Аращи, "у"к1эрэ къэ1уу утыку къихьа мы макъхэм щыщу "къу, кхъу, гъу" макъхэр "хъу"гъэрэ "бзы"гъэу жы1эпхъэкъым; "хъу, ху" макъхэр "хъу"гъэ макъхэрщ; "к1у, ку, гу" макъхэри "бзы"гъэ мыхьэнэ зи1э макъхэрщ. Ахэр къызэры1у "у" макъыр "хъу"гъэрэ макъыхъуу зэрыщытыр гуры1уэгъуэщи, "у"к1эрэ къэ1уу "бзы"гъэу тлъыта "к1у, гу" макъхэр къызтехъук1а "к1, гь" макъхэри "хъу"гъэу лъытапхъэщи, "хъу"гъит1 ("к1, у"; "гь, у") макъым зэдаухуа макъхэр (к1у, гу) "бзы"гъэу зэрыщытыфынум теухуа зы щапхъэщ мыр. Мыбы нэмыщ1, "кхъ, хъ, х, гъ" макъхэр "мыхьэнэ лъабжьэ" зэра1эм зэрезэгък1э "бзы"гъэу лъытапхъэхэрщ; ауэ, мыбыхэм щыщу "у"к1эрэ къэ1уу ухуа "хъу, ху" макъхэр "хъу"гъэу зэрыщытри гуры1уэгъуэщ. "У"к1эрэ къэ1уу къэхъуарэ "хъу"гъэрэ "бзы"гъэу мылъытапхъэ "къу"мрэ, "бзы"гъэу лъытапхъэ "ку" макъыр къызтехъук1а "къ, к" макъхэр "хъу"гъэрэ "бзы"гъэу зэрымылъытапхъэри гуры1уэгъуэщ.

Ныт1э, ипэк1и зэрыжыт1ауэ, "макъыхъу"у щытми, "у" макък1э къэ1у дэтхэнэ зы макъым "хъу"гъэ игъуэтыну зэрыщымытрэ, абы "бзы"гъэ макъи къызэрытехъук1ыфыр, ик1и "хъу"гъэрэ "бзы"гъэу мылъытапхъэ макъи къызэрытехъук1ыфыр гуры1уэгъуэщ. Мыпхуэдэщ ик1и "макъыбз"рэ "бзы"гъэ зи1э макъхэри, зыгуэхьэрэ зыхэт макъ гупыр е псалъэр ф1эк1ып1э имы1эу "бзы"гъэу ухуэн хуейуэ зэрыщымытыр гуры1уэгъуэнщ.

Мы къэта щапхъэхэми гуры1уэгъуэ къызэрытхаущ1щи, бзэ лэжьэк1эм щызохъук1ыфыр "хъу"гъэрэ "бзы"гъэр; макъхэр къызэрыхъу щ1ык1эм теухуауэ зэрылъыта щ1ык1эхэр иужьк1э бзэм зэрыхэлэжьыхь щ1ык1эк1э щызэхъуэк1рэ щыхэк1уэдык1 щы1эщ. Бзэ лэжьэк1э щыжыт1эм деж, мыр ик1и ц1ыху псэук1эм къыхуихь еплъык1эми елъытарэ теухуащи,

културалу псалъэрэ макъ гуэрхэр "хъу"гъэрэ "бзы"гъэу е абыхэм теухуа символу щылъыти къохъур. Мыпхуэдэ зы щапхъэщ -псалъэм папщ1э-"цы" псалъэри, абы теухуа гуэрхэр къыпытщэнщ. Ар (цы) "ц1" макъ мыхьэнэм егъэщхьыныгъэк1эрэ зы "макъ псалъэ"у бзэм къигъэхъуауэ жы1эпхъэщи, иужьк1и мы къызэрыхъуа псалъэ мыхьэнэм хуэдэхэм теухуа мыхьэнэ зи1э макъыу (ц) бзэм хэлэжьыхьуи щ1идзащ. Ауэ, мы къызэрыхъуа щ1ык1эу зи гугъу тщ1а "макъ псалъэ"мк1э лъыта щы1э л1эужьыгъуэу щыт "цы"ыр - ар куэдагъэу зэрыщытым къызэрыхэк1рагъэнти-, иужьк1э ц1ыху зэхэтык1эрэ псэук1эм културалу "бэгъуэн"ыгъэ "символ"у щылъытэу зэрыщ1идзар гуры1уэгъуэщ. Ныт1э, ипэк1э къэт1ахэми къызэрыхэщу, "бэгъуэн"ыгъэр "бзы"гъэм теухуауэ зэрыщытыр гуры1уэгъуэнти, "цы"р бэгъуэныгъэрэ лъхуэрыгъэм теухуауэ "бзы"гъэ символу ц1ыхум зэрилъытэрэ зэрызырихьэм ипкъ итк1и, "цы" псалъэрэ макъри (ц) "бзы"гъэ мыхьэнэ зи1эу бзэм щызек1уэу зэрыщ1идзар гуры1уэгъуэщ.

Мы ипэк1э къэт1этахэм къызэрыхэщщи, зы макъыбзэу щыт адыгэбзэм "хъу"гъэрэ "бзы"гъэ мыхьэнэхэри япэрауэ макъхэм теухуауэ зэрылъытэр гуры1уэгъуэщи, мыпхуэдэу зэрыщытыр япэрауэ "Адыгэбзэ -Макъыбзэ-" зи ц1э тхылъым къыщы1уэтауэ щытащ. Адыгэбзэм теухуа а лэжьыгъэр спонтанэуэ къызэрек1уэк1ым зыкъыщигъэлъэгъуауэ аращ макъ гуэрхэр "макъыхъу"рэ е "хъу"гъэ мыхьэнэ зэра1эу, макъ гуэрхэри "макъыбз"рэ "бзы"гъэ мыхьэнэ зэра1эу зэрыщытыр.

Ик1и, лъэпкъым адыгэбзэр хуиту щызэрихьэ зэманыгъуэхэм Адыгэм и бынхэм ф1ищу щыта "ц1ыхуц1э"хэри зэрыигъуэк1эрэ мы "хъу"гъэрэ "бзы"гъэ л1эужьыгъуэ макъхэмк1эрэ ухуа псалъэхэу зэрыщытари гуры1уэгъуэщ. Адыгэм ц1ыхубзрэ ц1ыхухъум фищу щыта ц1эхэр зэрыигъуэк1эрэ "хъу"гъэрэ "бзы"гъэ макъхэм къытехъук1а макъ псалъэхэу, е мы макъхэр т1эу къызэры1ук1эрэ мы "хъу"гъэрэ "бзы"гъэ мыхьэнэр зэрыгъэбагъуэк1эрэ лъэщу зэрылъытэу ухуа псалъэхэу, е а макъхэр мы я "хъу"гъэрэ "бзы"гъэ мыхьэнэк1эрэ доминанту зыхэлэжьыхьу макъ зы бжанэк1э ухуа псалъэхэу щытащ.

Зи гугъу тщ1а лэжьыгъэм щапхъэу къыщыгъэлъэгъуа ц1ыхуц1эхэр къызтехъук1а макъхэр япэрауэ къызэрыхъуам теухуауэ "хъу"гъэрэ (т1) "бзы"гъэ (б) мыхьэнэ зи1э макъхэращ. Мыбыхэм къык1элъык1уэу, иужьк1э къэхъуа макъхэу "хъу"гъэрэ (пп: хъу, ху) "бзы"гъэ (пп: к1у, ку, гу) мыхьэнэ зыгъуэтахэм къазэрытехъук1ар гуры1уэгъуэ зи гугъу тщ1ы ц1ыхуц1э гуэрхэри. Ц1ыхуц1эу къэтхьауэ зи гугъу тщ1ы щапхъэхэр ик1и

ипэк1э и гугъу зэрытщ1ауэ културалу "хъу"гъэрэ "бзы"гъэ (цы) мыхьэнэ къэзыгъуэта макъ лъабжьэк1эрэ зэрыухуари гуры1уэгъуэщ. Мы зи гугъу тщ1а макъхэр зи лъабжьэу ухуа ц1ыхуц1эхэм я нэхъыбэр ц1ыхубзыц1эхэу зэрыщытрэ, ц1ыхубзыц1эхэр къызтехъук1 макъхэри нэхъыбэу зэрыщытри гуры1уэгъуэщ.

Адыгэбзэм ц1ыху ф1эщыгъэц1эхэри макъхэм я "хъу"гъэрэ "бзы"гъэм теухуауэ ухуа псалъэхэу зэрыщытым и гугъуэ тщ1агъэххэщи, макъхэм мы я "хъу"гъэрэ "бзы"гъэ мыхьэнэхэмрэ ц1ыхухэр -псэущхьэхэр- "хъу"рэ "бзы"уэ зэрызэщхьэщык1ым зэпыщ1эныгъэ зэрызыхуа1эри жы1эпхъэщ; ныт1э, мыхэр зэрызэлъыта щ1ык1эм гулъытэ хуэщ1ын хуейщ. Макъхэм мыпхуэдэу "хъу"гъэрэ "бзы"гъэ мыхьэнэхэр зэра1эм нэмыщ1, адыгэбзэ глагол лэжьэк1эхэри "хъу"гъэрэ "бзы"гъэу зэщхьэщык1ми щыгъуазэ дыхуэхъуащ ипэк1и, мыпхуэдэу дэтхэнэ и зы лъэныкъуэк1и адыгэбзэм къыхэщ "хъу"гъэрэ "бзы"гъэ мыхьэнэхэмрэ псэущхьэхэр "хъу"рэ "бзы"уэ зэрызэщхьэщык1ыр зэрызэпыщ1а щ1ык1эр зыгурыдгъэ1уэн хуейщ. Зэрызэпыщ1ар гуры1уэгъуэ зыхуэтщ1ыну иужь дитынщ, ауэ ахэр зэрызэщхьэщык1ыр гуры1уэгъуэщ: бзэм теухуауэ "хъу"гъэрэ "бзы"гъэр мыхьэнэ зэщхьэщык1ыныгъэрщи, ар абстракту ик1и онологиеу лъытапхъэщ; ауэ псэущхьэр "хъу"рэ "бзы"уэ зэрызэщхьэщык1ыр я пкъым теухуарэ 1упш1ыущ.

Игъуэ щыхъу дэтхэнэ зы щ1ып1эм щыжыдо1эр макъхэр къызэрыхъуа щ1ык1эк1э щы1эгъуэ логие зи1эхэу зэрыщытри, мы макъхэмк1эрэ ухуа макъыбзэри макъхэм мы логиер зезыхьэрэ зыхэлэжьыхьырщ; макъхэм хуэдэжу макъыбзэ лэжьэк1эми щызок1уэр "щы1эгъуэ логей"ри, щы1эгъуэм теухуа "хъу"гъэ "бзы"гъэ логиер макъхэм хуэдэжу макъыбзэми щызок1уэр. Ныт1э, мы жыт1ахэм гуры1уэгъуэ къытхуащ1ыу жы1эпхъэщи, и къэхъук1эк1э "щы1эгъуэ логие" зи1э "макъ"хэмрэ, мы макъхэмк1эрэ ухуа псалъэхэм, ик1и мыпхуэдэу ухуа макъыбзэ лэжьэк1эм -абы и глаголхэм я лэжьэк1эхэм- "шы1эгъуэ логие" л1эужьыгъуэу "хъу"гъэрэ "бзы"гъэр щылъытэу щызок1уэри, мы логиер щы1эгъуэ л1эужьыгъуэу щыт псэущхьэхэри я щы1эгъуэк1эрэ "хъу"гъэрэ "бзы"гъэу зэрызэщхьэщык1ри зэрыигъуэу зэрылъытэну логиерщ. Нэгъуэщ1ыу жып1эмэ, щы1эгъуэ зи1эхэр (пп: псэущхьэхэр) "хъу"рэ "бзы"уэ зэрызэхэлъррэ зэрызэщхьэщык1ыр щы1эгъуэ логие зи1э макъхэмрэ бзэ лэжьэк1э логейми хэлъ "хъу"гъэрэ "бзы"гъэ логиек1э мэлъытэр. Ныт1э, макърэ бзэ лэжьэк1эм "хъу"гъэрэ "бзы"гъэр зэрыхэлъыр логиеущи,

псэущхьэхэм "хъу"гъэрэ "бзы"гъэу яхэлъыр я щы1эгъуэм ипкъ зэритк1эщ, - 1упщ1ыу "хъу"рэ "бзы"уэ зэрыщы1э щ1ык1эущ.

Мы жыт1ахэм пыщапхъэмэ, бзэр зезыхьэ ц1ыхум езыр и пкъыгъуэк1эрэ 1упщ1ыу "хъу"рэ "бзы"уэ зэрызэщхьэщык1ым папщ1э, бзэм къыхэщ "хъу"гъэ"рэ "бзы"гъэм япэрауэ лъабжьэ хуищ1ыпхъэщ езы ц1ыху псэущхьэр мы зэрызэщхьэщык1 щ1ык1эр. Ауэ, адыгэбзэм къызэрыхэщши, макъхэм я къэхъук1эрэ бзэри мы макъхэмк1эрэ зэрыухуарэ зэрылажьэм ипкъ зэритк1э, щы1эгъуэ логие зыхэлърэ зыхэлэжьыхьырщи, щы1эгъуэр зэрылъытэрэ зэрызек1уэ щ1ык1ит1ыр бзэм зэрилъытэрщ мы "хъу"гъэрэ "бзы"гъэр. "Щы1э"р а зэрыщыту (ар, щы1эр) зэрылъытэрэ а зэрыщытк1эри хъууэ зэрызек1уэр зэрылъытэ щ1ык1эр "хъу"гъэущи, мы хъууэ зэрызек1уэр зэрылъытэри "хъун, зэхъуэк1ын, ужьын, еужьыхын" хуэдэ глаголхэмк1эрэщ. Ауэ, мы щы1эр нэгъуэщ1ым елъытарэ зэрыпыщ1а (абы, щы1эм) щ1ык1эу зэрылъытэмрэ, мы зэрызэлъытэ щ1ык1эк1э щы1эгъуэр бзыгъэ бзыгъэурэ зэрызек1уэу зэрыбагъуэри "бзы"гъэрщи, мыпхуэдэхэр зэрылъытэрэ къызэры1уатэри "быхун, убызхун, бзэщ1ын, бзэхын" хуэдэ глаголхэмк1эрэщ. Аращи, щы1эгъуэ лъытэк1эрэ зэрызек1уэк1эм елъыташ "хъу"гъэрэ "бзы"гъэр; ауэ ик1и, а зэрыщытк1эрэ хъуурэ к1уэр бзыгъэ бзыгъэу зэк1элъхьэужьу зэрызек1уэ щ1ык1эуи зэрылъытапхъэр гуры1уэгъуэщ. Ныт1э, зы "хъу"гъэ л1эужьыгъуэр ик1и хъуурэ к1уэм и зы "бзы"гъэ л1эужьыгъуэу зэрылъытапхъэм хуэдэжу, зы "бзы"гъэ щы1эгъуэри "бзы"гъэ "бзы"гъэк1эрэ зэрызэк1элъык1уэк1эри а зэрыщытк1эрэ хъууэ зэрызек1уэ щ1ык1эу зы "хъу"гъэ л1эжуьыгъуэу зэрылъытапхъэри гуры1уэгъуэнщ. Ауэ ик1и, "бзы"гъэр мы зэрыбагъуэри абы "хъу"гъэ къызэрыхуэк1уэк1эрэщи, "бзы"гъэр "хъу"гъэм зэрызыпищ1эрэ "т1ы"гъуэ къызэрыхуэк1уэк1эрэщ зэрыбагъуэр: "бзы"гъэр зэры"т1ыгъуэ"к1эрэщ зэрыбагъуэр. Щы1эгъуэр зэрылъытэрэ зэрызек1уэ щ1ык1эрщ "хъу"гъэрэ "бзы"гъэри, "хъу"гъэр къызтехъук1 лъабжьэщ "бзы"гъэр; езы хъууэ щымытрэ "хъу"гъэр къызтехъук1ынур "бзы"гъэу зэрыщытым хуэдэжу, "бзы"гъэм къытехъук1ыу хъуурэ к1уэр ("хъу"гъэр) зэрыхъун хъуа нэужьри "бзы"гъэрщ; "хъу"гъэм ипэри ик1эри "бзы"гъэрщ.

Мыхэр макъхэмрэ бзэм теухуауэ "хъу"гъэ "бзы"гъэр зэрылъытэрщи, ипэк1и зэрыжыт1ауэ, ахэр мыпхуэдэу щы1эгъуэ логиерэ онтологие л1эужьыгъуэ мы зэрылъытэм ц1ыхур ц1ыхухъурэ ц1ыхубзу зэрызэщхьэщык1эм къытехъук1ауэ зэрымылъытапхъэр гуры1уэгъуэщ. Аращи, адыгэбзэм гуры1уэгъуащэу къыхэщ мы лэжьэк1эхэм псэущхьэр зэрызэщхьэщык1ыр лъабжьэ хуэпщ1ынрэ, ц1ыхур хъурэ бзыуэ

зэщхьэщык1ыу зылъытэ бзэхэм "хъу"гъэрэ "бзы"гъэ архивыр нэхъ къызэрыхэнар жып1эныр – а бзэхэм хъугъэрэ бзыгъэр зэрыхэлэжьыхьым щыгъуазэ узэрыхуэмыхъуари хэтыжу- зэрымыигъуэри гуры1уэгъуэщ.

Ипэк1э макърэ бзэм "хъу"гъэ "бзы"гъэр къызэрыхэщрэ зэрыхэлэжьыхь щ1ык1эмрэ псэущхьэхэр "хъу"рэ "бзы"уэ зэрызэщхьэщык1ыр зэрызэлъытапхъэм и гугъу тщ1ауэ щытащи, мы илъабжьэк1и псэущхьэхэр "хъу"рэ "бзы"уэ зэрызэщхьэщык1ым и гугъу щытщ1ынщ.

Генетикхэм "хъу"мрэ "бзы"р я генетикэк1э зэщхьэщык1ыущ зэралъытэри, "бзы"м и геныр (XX) зэпэщрэ зэрыхъун хъуауэ, "хъу"ми и геныр (XY) "бзы"м елъытауэ щыщ1ыныгъэрэ ныкъуагъ (Y) зэри1эущ зэралъытэр. Ныт1э, псэущхьэхэр я щы1эгъуэк1э хъурэ бзыуэ т1ууэ мы зэрызэщхьэщык1ыр щы1эгъуэ логие зыхэлэжьыхьу тлъытарэ ипэк1и и глагол лэжьэк1эхэм "хъу"гъэрэ "бзы"гъэм теухуауэ жыт1ахэм зэрезэгък1э зэрылъытэрэ къызэры1уэтапхъэр мыпхуэдэу къыщ1эк1ынщ: и геным и щыщ1ыныгъэр игъэтэмэмын лъыхъуэу хъуурэ к1уэрауэ жы1эпхъэщ "хъу"ри, зэрыхъун хъуарэ зэрыбэгъуэн хущ1экъуу зыпызыщ1эн къэзыгъуэту гъуэ исыжрауэ лъытапхъэщ "бзы"ри.

Адыгэбзэ глагол лэжьэк1эхэмрэ макъхэм теухуауэ къэт1уэтахэр гуры1уэгъуэщи, дэтхэнэ зы псалъэр "хъу"гъэрэ "бзы"гъэу зэрылъытэр ф1эк1ып1э имы1эу ар зэрыухуа макъхэм елъытарэ теухуауэ зэрыжымы1эпхъэр гуры1уэгъуэщ. Ик1и, псэущхьэ л1эужьыгъуэу дызэрыщытрэ псэущхьэри "хъу"рэ "бзы"уэ зэрызэщхьэщык1ыр пкъыгъуэм теухуарэ 1упщ1ыу зэрыщытым къызэрыхэк1к1э, "хъу"гъэрэ "бзы"гъэм и гугъу щытщ1ым деж, ар занщ1э псэущхьэм теухуа "хъу"гъэрэ "бзы"гъэм зэрыхуэтхьыр гуры1уэгъуэнщи, псэущхьэм теухуа "хъу"гъэ "бзы"гъэр бзэм ахэр зэрилъытэм лъабжьэ хуэхъуу лъытэныр игъуэкъым.

Мы зи гугъу тщ1ым и зы щапхъэщи, "сэ"м и ужьыгъуэу (у) зэрыщытк1эрэ (э) ухуа ет1уанэ щхьэ ц1эпапщ1э "уэ"р "сэ"м и "субъектив"ыгъэм зэритк1э "ц1ыху нэрыбгэ"у зэрыщытыр гуры1уэгъуэщ; ауэ, ар (уэ) зы ужьыгъуэ л1эужьыгъуэу зэрыщытрэ макъыхъуу щыт "у"ми къызэрытехъук1ам ипкъ итк1э, бзэми "хъу"гъэ мыхьэнэ зыщи1э зы псалъэу щыт щхьэ, абы ц1ыхум теухуа "хъу" мыхьэнэ зэримы1эрэ ар "ц1ыхухъу"м хуэ1уа псалъэу зэрыщымытыр гуры1уэгъуэщ: "уэ" псалъэр зэры"хъу"гъэр ужьыгъуэ мыхьэнэ зи1э "у"к1эрэ зэрыухуарэ ик1и "сэ"м и ужьыгъуэ нэрыбгэр зэрылъытэ псалъэу зэрыщытращ.

Ет1унэ щхьэ ц1эпапщ1эу мы зи гугъу тщ1а "уэ"м нэмыщ1, ик1и ет1уанэ мыхьэнэуэ "ужьыгъуэу щыт"ыр зэрылъытэ псалъэрщи, ц1ыхум

къыпэщыт а нэхъ ужьыгъуэр зэрылъытэ псалъэрщ "уэ"р. Ц1ыхум и ужьыгъуэу мы къыпэщытыр адыгэбзэм зэрилъыта псалъэрщ "уэ"ри, ар ик1и зы теплъэгъуэу (фэ) зэрыщытк1эрэ "уафэ" псалъэмк1и, зы ужьыгъуэ 1энат1эрэ джыгъуэ л1эжьугъуэуи зэрылъытапхъэк1эри "уэгу" псалъэхэмк1и къо1уатэр. Мы псалъэхэри (уэ, уафэ, уэгу) -зэрыжыт1а щ1ык1эу- мы ялъытэм теухуауэ "хъу"гъэ мыхьэнэ зи1эхэрщ.

Мы зи гугъу тщ1арэ щапхъэу къэтхьа псалъэхэм хуэдэу лъытапхъэщ "уд" псалъэри, ари зыужьыгъуэ (у) л1эужьыгъуэу (д) зэрылъытак1эрэ "хъу"гъэ мыхьэнэ зи1эу ухуа зы псалъэрщ; ауэ, ар зэрылъытэ мы "хъу"гъэ мыхьэнэр псэущхьэм теухуауэ "хъу"уэ зэрыщымытыр гуры1уэгъуэнщи, "уд" жыхуа1э ц1ыхур ц1ыхухъууэ щытауэ лъытэн хуей еплъык1эр игъуэу лъытапхъэкъым.

Ныт1э, "уащхъуэ" псалъэм дыхуэкуэмэ, уафэрэ уэгум къыщыхъу зы къэхъу-къэщ1ыгъуэр зэрылъытэ псалъэрщ ари, "уащхъуэ" псалъэр зи гугъу тщ1а уафэрэ уэгур зэрылъытэ "уэ" макъ псалъэмрэ "щхъуэ" макъ зэгуэт е псалъэр зэрызэгухьэу зэпкъырыува зы псалъэрщ. Мы къызэрыт1уэтауэ "уэ"р гуры1уэгъуэщ; адыгэбзэм "щхъуэ" псалъэри хэтщ; ауэ, "уащхъуэ" псалъэр зэрыухуар "щхъуэ" макъ зэгуэтк1эрэу лъытапхъэщ. "Щхъуэ" макъ зэгуэтым и мыхьэнэр "щы1эгъуэ (щ) зэхъуэк1 (хъуэ)"у зэрыщытым ипкъ итк1э, "уащхъуэ" псалъэм и мыхьэнэри "уэ зэхъуэк1, уэгу зэхъуэк1, уафэ зэхъуэк1"у лъытапхъэщ.

Мы "къэхъу-къэщ1ыгъуэ"р зы "хъу"гъэу зэрыщытрэ, ар зэрылъытэ псалъэри (уащхъуэ) "хъу"гъэ мыхьэнэ зи1эу зэрыщытыр гуры1уэгъуэщ; ик1и, ар зэрыухуа псалъэрэ макъхэри (уэ, щхъуэ) "хъу"гъэу зэрыщытри гуры1уэгъуэщ. "Уэ"р зэры"хъу"гъэр жыт1агъэащи, "щхъуэ" макъ зэгуэтым хиубыдэ "щ"ыр "хъу"гъэрэ "бзы"гъэу мылъытапхъэ щхьэ, абы хиубыдэ "хъу, хъуэ" макъыр "хъу"гъэу зэрыщытыр гуры1уэгъуэщ. Ауэ, адыгэбзэм и "щхъуэ" псалъэри, ар къызтехъук1арэ и мыхьэнэуэ зи гугъу тщ1а "щхъуэ" макъ зэгуэтым хуэдэжу "хъу"гъэ зи мыхьэнэрщ; ар дыдэрэ нэхъри тегъэчыныхьауэ зы "хъу"гъэ псалъэрщ "щхъуант1э"ри.

"Уащхъуэ"р уафэр зэрызэхъуэк1ыр щы1эгъуэ мыхьэнэк1эрэ зэрылъытэ псалъэрщи, мыр гуры1уэгъуащэщ. Мы къэхъу-къэщ1ыгъуэр апхуэдизу лъэщыгъэ зи1эрэ шынагъуэщи, зы Адыгэм жи1эр зи ф1эщ зыхуищ1ынум хуэгъэза зы "тхьэ1уэ" пэлъытэу зэрихьэу щыта зы псалъэрщ "уащхъуэ"р: "жыс1эр мыпэжмэ, уащхъуэ къырехъу" щыжи1эк1э, мыр "сытри зэрызэхырекъутэ" жыхуи1эрщ. Ауэ ик1и, мыпхуэдэ "тхьэ1уэ"ныгъэу "уащхъуэ"р бзэм щызэрызек1уэм нэмыщ1, а "тхьэ1уэ"р нэхъыбэуи зэрызек1уэ къэ1уэтэк1эр "уащхъуэ ныващхъуэ" е "уащхъуэ ныващхъу

к1анэ"ущ зэрыщытари, "уащхъуэ" псалъэри мыхэр к1эщ1ыу зэрылъытэ псалъэрщ. Ик1и, "уащхъуэ" псалъэмк1и лъытэр ари зыхэзыубыдэ мы псалъэхэм (ныващхъуэ, ныващхъуэ к1анэ) къызэрыхэщк1э, зы нывэ л1эужьыгъуэу зэрыщытри гуры1уэгъуэщ. "Уафэр зэзыхъуэк1" (уащхъуэ) мы нывэр ик1и плъыфэу "щхъуэ"уи зэрыщытыр гуры1уэгъуэщи, ар "ныващхъуэ"щ; ауэ ик1и, "щхъуэ"р щы1эгъуэ зэхъуэк1ыныгъэу зэрыщытк1эрэ мы нывэри "ныващхъуэ"у мы зэрылъыта щ1ык1эу зэхъуэк1ыныгъэ зи мыхьэнэуэ зэрыщытри на1уэщ.

"Уэ"р (уафэ, уэгу) зыгъэщхъур зы пкъыгъуэ быдэу уэгум щызек1уэу щ1ым къехырщ; ар "метеор, метеорит" жыхуа1эрщи, къызэрыхъу щ1ык1эр зэралъытэри зэрызэхэвыхьк1эрэщ. Мы къызэрыхъу щ1ык1эр зэрыигъуэу зэрылъытэ псалъэрщ "нывэ"р. Адыгэбзэм и "нывэ" псалъэм гуры1уэгъуэ къытхуищ1ыр "зэманк1эрэ (э) зэхэвыхьыныгъэм (в) зэрыхуэк1уэк1эрэ (н)" къэхъуращ.

Мыбдежым игъуэщ адыгэбзэм и "вагъуэ" псалъэми гуры1уэгъуэ къытхуищ1ми щыгъуазэ дыхуэхъунри, "иджыри зэхэвыхьрэ къавэу щыт"ыр -"къэвэгъуэ"рэ "зэхэвыхьыгъуэ"м итыр зэрылъытэ псалъэрщ "вагъуэ"р. Мыпхуэдэщ ик1и "вагъуэ"р щ1эныгъэк1и зэрылъытэри, ар адыгэбзэм "вагъуэ"у зэрилъыта щ1ык1эр уэ къащ1э! Ауэ, "нывэ"р къызэрыхъуа щ1ык1эр къэзыщ1эу мы псалъэмк1э зылъытам "вагъуэ"ми гулъытэ зэрыхуищ1ыфынур гуры1уэгъуэнщ.

Зэрызэхэвыхьк1эрэ космосрэ уэгум къыщыхъуа пкъыгъуэр адыгэбэк1э "нывэ"у зэрылъытапхъэр гуры1уэгъуэщ; ауэ ик1и, щ1ылъэми къыщыхъу мыпхуэдэ пкъыгъуэхэр къызэрыхъу щ1ык1эри зэхэвыхьыныгъэк1эрэщи, ахэри "нывэ"у зэрылъытапхъэр гуры1уэгъуэнщ. Адыгэбзэм мыпхуэдэу къигъэхъуарэ къыдэгъуэгурык1уа "нывэ" псалъэр нобэрей ди бзэщ1эныгъэм "мывэ"у илъытэу зэрызырихъуэк1ари "вэн-сэн" 1уэхугъуэм зытеухуар гуры1уэгъуэщ. Пэжщ "вэн-сэн" 1уэхугъуэу щ1ыр вэным хуэмыф1рэ мывэф пкъыгъуэхэр адыгэбзэм "мывэ"у зэрилъытапхъэри, уэгум е щ1ылъэм къыщыхъуауэ зи гугъу тщ1а "нывэ"хэри ямывэфу зэрыщытым папщ1э, "мывэ" л1эужьыгъуэуи зэрылъытапхъэр гуры1уэгъуэщ. Ауэ, къызэрыхъуа щ1ык1эр на1уэрэ адыгэбзэми къыдэгъуэгурык1уа "нывэ" псалъэр бзэм хэбгъэк1рэ, абы ип1эр "вэн-сэн"ым теухуауэ къэхъуарэ бзэми хэлэжьыхьыпхъэ "мывэ"м щептым деж, адыгэбзэм и зы архивыр зэрыхэбгъэк1уадэр на1уэщ: космосым къыщыхъу пкъыгъуэр къызэрыхъуа щ1ык1эк1э зэрылъыта "нывэ" псалъэр бзэм хэбгъэк1ыу, апхуэдэхэр "вэн-сэн"ым теухуауэ "мывэ"у щыплъытэм деж,

адыгэбзэм къэхъу-къэщ1ыгъуэрэ щы1эгъуэм теухуауэ хиубыдэ логием зы щапхъэр бзэм хэбгъэщ1ыу аращ къэблэжьыр.

Аргуэру "уащхъуэ"м дыхуэк1уэжмэ, ар зытеухуар гуры1уэгъуэщ; ауэ жа1эр я ф1эщ зэращ1ын щ1ык1эу тхьэ зэра1уэ зы щ1ык1эу "уащхъуэ"р зэрызырахьэм папщ1э, "уащхъуэ"р "тхьэ"уэ ялъытэу щытауэ жып1эныр игъуэкъым. Аращи, къигъэщ1 шынагъуэм теухуауэ тхьэ зэра1уэ щ1ык1эущ "уащхъуэ"р къызэрыра1ур, мыхъумэ, "уащхъуэ"м тхьэлъэ1у хуащ1ыу аракъым. Ик1и, "уащхъуэ"р "тхьэ"уэ мы зэралъытэ еплъык1эмрэ адыгэбзэм макъыбзэу щы1эгъуэрэ къэхъу къек1уэк1ым теухуауэ гуры1уэгъуэ къытхуищ1хэр зэремызэгъри гуры1уэгъуэщ. Дауи, адыгэбзэм и "тхьэ" псалъэм и мыхьэнэмрэ "тхьэ"хэри зэрилъытэу щыта псалъэхэри гуры1уэгъуэщи, абыхэм "уэгутхьэ" зи ц1э зы тхьэ зэрыхэмытрэ ик1и "уащхъуэ"ри "тхьэ"уэ зэрымылъытэр гуры1уэгъуэщ. Пэжщ уафэрэ уэгур а нэхъ ужьыгъуап1эу ц1ыхум къыпэщытрэ, гузэвэгъуэ щихуэрэ хэ1ып1э щилъыхъуэм дежи, занщ1эрэ нэхъапэу зызыхуигъазэу ик1и тхьэми щелъэ1у лъэныкъуэу зэрыщытыр. Ауэ, мыпхуэдэхэри лъабжьэ зэрыхуэпщ1к1эрэ "уащхъуэ" псалъэр Адыгэм зэрызырихьэ щ1ык1эм зы "тхьэ" -"уэгутхьэ"- къытепщ1ык1ыфыну къыщ1эк1ынкъым.

Ипэк1и зэрыжыт1ауэ, "уащхъуэ" псалъэр "хъу"гъэ мыхьэнэ зи1эу зы псалъэрщи, "уащхъуэ"р "тхьэ"уэ зылъытэм "уащхъуэ" псалъэр "хъу"гъэ мыхьэнэ зи1эу мы зэрылъытэри лъабжьэ хуищ1ыу, "уэгутхьэ"рэ "тхьэ нэхъыщхьэ"у елъытэр "уащхъуэ"ри, - "уащхъуэ"р "тхьэ"уэ зэрымылъытапхъэм папщ1э- мыри пэжкъым. Ит1анэ, мыбдежым къит11уа "тхьэ нэхъыщхьэ" псалъэмрэ "тхьэшхуэ" псалъэр зэрызэщхьэщык1ри гуры1уэгъуэщ: "тхьэ нэхъыщхьэ"р тхьэхэм я пашэрэ нэхъыщхьэр зэрылъытэ псалъэрщи, тхьэ куэдагъым къихь зы псалъэрщ; ауэ, "тхьэшхуэ" псалъэр тхьэ куэдагъым къихь зы псалъэкъым. Адыгэ тхьэлъэ1ук1э "ди тхьэ, тхьэшхуэ"ми къызэрыхэщщи, "тхьэшхуэ" псалъэр тхьэр зэрыкуэдым теухуарэ тхьэ нэхъыщхьэ зэрылъытэ псалъэкъым. Адыгэбзэ псалъэ ухуэк1эм "шхуэ" к1эухым игъэзащ1эр на1уэщи, "тхьэшхуэ" псалъэр "тхьэ"м ип1эр лагэ зыщ1рэ зэрылъап1эр зэрылъытэу зылъэмы1эсыпхъэу зэрыщытыр зэрылъытэ псалъэрщ.

Мыбы нэгъунэ къэт1уэтахэр адыгэбзэр макъыбзэу зэрыщытращ зытеухуари, бзэр зэрыухуа макъхэр зымылъытэрэ нэмыплъ зыщ1ыу бзэм и нэхъ лъабжьэр псэлъэпкъыу зылъытэ нобэрей бзэщ1эныгъэ еплъык1эм мы къэт1уэтахэр зэримылъытэнурэ ик1и зэримылъагъуфынур гуры1уэгъуэнщ. Макъыбзэ бгъэдэхьэк1эр бзэм и лъабжьэм щ1эплъэнрэ ар зэрыухуа

лъапсэрэ къуэпсхэр лъагъунращ. Ауэ, макъхэр нэмыплъ зэрищ1к1эрэ псалъэхэр зэрыухуа лъабжьэр имылъытэу макъыбзэу щыт адыгэбзэри псэлъэпкъым къыщ1идзэущ нобэрей ди бзэщ1эныгъэм зэрилъытэр. Абы макъхэр щимылъытэм деж, ахэр къызэрыхъуа щ1ык1эмрэ, бзэ лэжьэк1эми макъ нэхъыбэм мыхьэнэбэ зэригъуэтыр илъагъукъыми, дэтхэнэ зы псалъэр зы мыхьэнэ закъуэ зи1эущ зэрилъытэр; ар щыхъук1и, псалъэхэм я мыхьэнэбэр егъэк1уэдыр. Ик1и, псалъэ л1эужьыгъуэу щыт дэтхэнэ зы глаголри зы мыхьэнэ закъуэм теухуауэщ зэрилъытэри, мы мыхьэнэ закъуэм теухуарэ зы лэжьэк1э закъуэ и1эущ глаголхэри зэрылэжьэн хуейуэ зэрилъытэр; ар щыхъук1и, ипэк1э зи гугъу тщ1арэ щапхъэхэри къызыхуэтхьа глагол лэжьэк1эбэри егъэк1уэдыр. Мыхьэнэбэрэ лэжьэк1эбэр зытеухуар макъыбзэрщи, ар зэримылъытэм къыхэк1ыу жы1эпхъэщ нобэрей ди бзэщ1эныгъэм адыгэбзэ псалъэрэ глагол лэжьэк1эхэр ик1э нэгъунэ къихутарэ къигъэунэхуауэ зэрымылъытапхъэр; ик1и мырагъэнщ глагол гуэрхэр дауи мыгуры1уэгъуэу гуит1-щхьит1 хуэдэу лъытапхъэ лэжьэк1ит1 я1эу (пп: "щ1ын: бощ1 - уощ1") зэрилъытэр.

Мы къэт1уэтахэм гуры1уэгъуэ къытхуащ1ыр нобэрей и бзэщ1эныгъэм макъыбзэу щытрэ макъхэр систематикэу зыхэлэжьыхь адыгэбзэр псалъэрэ мыхьэнэк1эрэ игъэмащ1эрэ ихъунщ1эу, - "щ1эныгъэ" и ц1эк1э- бзэр и лъагъуэмрэ ип1эм иришу жы1эпхъэщ. Адыгэбзэр къызэрыхъуарэ къигъуэгурык1уа гъуэгуанэ к1ыхьым щызэрызэхъуэк1ам елъытауэ мы иужьрей илъэс блыщ1ым зэрызэхъуэк1ар нэхъыбэу къыщ1эк1ынщи, мыр къызхэк1ри адыгэбзэр нобэ хуиту зэрыземык1уэрэ ик1и зи гугъу тщ1ы бзэщ1эныгъэм мы и бгъэдэхьэк1эрауэ жы1эпхъэщ.

Утыку ит щ1эныгъэм зэрилъытэ щ1ык1эм -ф1эк1ып1э имы1эу- егъэзэгъын зэрыхуэмейр гуры1уэгъуэщ щ1эныгъэ лэжьыгъэри, щ1эныгъэр зэрыхэхъуэри щ1эныгъэл1ым мы и хуитыныгъэращ. Зы щ1эныгъэл1ыр зытелэжьыхьыр утыку ит щ1эныгъэм зэрилъытэм емызэгъмэ, щ1эныгъэл1ым дежк1э ар зы гуф1эгъуэуи щытынщ: щ1эныгъэм хигъэхъуэну щ1э гуэр къигъуэтагъэнк1и хъунщ. Мы жыт1ахэм дигу къегъэк1ыр адыгэбзэм и "щ1эныгъэ" псалъэм -ар зэрымыхьэнэбэм- "щ1э" мыхьэнэк1и зэреджапхъэри, "щ1эныгъэ"р ик1и "щ1э" къэгъуэтынрэ къэгъэунэхунрауи лъытапхъэщ. Ныт1э, -бзэм теухуауэ- зытелэжьыхьыр зыми емыщхьрэ и закъуэу щытми, ар а зэрыщыту къэгъэунэхуращ "щ1эныгъэ" жыхуэт1э лэжьыгъэри, утыку ит щ1эныгъэр и щ1эныгъэл1ым зэрыпэплъэрэ зэрыщыгугъри япэрауэ мыпхуэдэ гуэрк1эщ. Зытелэжьыхьыр щ1эныгъэм ар зэрилъытэ щ1ык1эм зэремызэгъым имыгъэшынэу ар а зэрыщыту къызэригъэунэхун щ1ык1эу пэжыгъэм иужь итращ

щ1эныгъэл1ри, щ1эныгъэр абы зэрыщыгугъри пэжыгъэк1эрэщ. Пэжыр зы закъуэми, пэжщ; и закъуэпц1инэ щыхъуи щы1эщ пэжри, абы щыгъуэми пэжыр пэжщ; пэжыгъэр зи 1уэхуу щыт щ1эныгъэм сытым дежрэ сытым щыгъуи зэрихуэр пэжыр утыку къигъэхьэнращ.

Псэлъэбзэр бзэщ1эныгъэмрэ бзэщ1эныгъэл1ым елъытауэ нэхъыжьы1уэу зэрыщытыр гуры1уэгъуэщ; ар ц1ыху къэхъуныгъэрэ ц1ыхугъэр зи ныбжьщ. Щ1эныгъэр л1эщ1ыгъуищ хуэдзищ зи ныбжьыр; бзэщ1эныгъэр нэхъыщ1эщ, ауэ нобэрей бзэщ1эныгъэ щ1ык1эм и ныбжьыр зы л1эщ1ыгъуэ хуэдизщ. Ц1ыхуми къигъащ1эр зы л1эщ1ыгъуэ хуэдизщ. Аращи, ц1ыхугъэм къыдэгъуэгурык1уауэ, ц1ыхум и нэгу щ1эк1арэ и щ1еину щытахэри къэзы1уэтарэ зыхэзыубыдауэ лъытапхъэ бзэр зы архивышху зэрылъытапхъэри гуры1уэгъуэщ; ауэ ар ик1и, ухуагъэххэ а нэхъ логиешхуэу зэрыщытри гуры1уэгъуэщ. Мыр лъытэнращ - абы елъытауэ зи ныбжьри къит1уа- ц1ыхумрэ (бзэщ1эныгъэл1) щ1эныгъэм (бзэщ1эныгъэм) къыпэщытыр: бзэр анализ щ1ынращ. Бзэщ1эныгъэр аналитикэ щ1эныгъэ л1эужьыгъуэрщи, абы и къалэныр ар зытеухуа бзэр ик1э нэгъунэ анализ ищ1ыу зыгуригъэ1уэнрэ къыдгуригъэ1уэжынращ. Мыхъумэ, а нэхъ логие щапхъэрэ пщалъэу щыт бзэр зэригъэзэхуэнрэ иухуэжын къалэн и1экъым бзэщ1эныгъэми, бзэщ1эныгъэл1ри зы ухуак1уэрэ зы к1ыщкъым. Бзэщ1эныгъэм и къалэныр гуры1уэгъуэщи, бзэр зэзыхъуэк1рэ зэхъуэк1ып1эм хуэзышэ бзэщ1эныгъэр щ1эныгъэкъым; щ1эныгъэ нэпц1щ. Дэтхэнэ зы логие л1эужьыгъуэм теухуа щ1эныгъэри бзэм хуэдэжу аналитикэ л1эужьыгъуэрщ, мыхъумэ, ухуэн л1эужьыгъуэ щ1эныгъэкъым. "Хабзэр унафэк1э яухуэкъым" псэлъэжьыр щыухуарэ къэзы1уэта адыгэбзэм езыр "унафэк1э ухуэн" дэнэ къэна, бзэм теухуауэ мы псэлъэжьыр уигу къэбгъэк1ыныр емык1ущ, емызэгъщ!